



Pou Piblikasyon Imedya: 24/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GWROUP TRAVAY KI GEN PLIZYÈ AJANS LAN TE ENSPEKTE PRÈSKE 1,100 BA AK RESTORAN POU VYOLASYON COVID-19, SA KI MENNEN PLIZYÈ DOUZÈN CHÈF DAKIZASYON AK 10 SISPANSYON LISANS SEMÈN SA A

Anketè gwoup travay yo te apèn anonse a te dokimante 84 vyolasyon pandan twa jou

Dis lisans pou alkòl biznis te sispann semèn sa a, gen ladan sis nouvo sispansyon yo anonse jodi a

Ou kapab jwenn lis ba ak restoran ki ap fè fas ak chèf dakizasyon oswa sispansyon somè lisans pou alkòl SLA a [ISIT](#) la

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke gwoup travay ki gen plizyè ajans pou konbat vyolasyon règleman ki an rapò ak kowonaviris nan ba ak restoran yo te reyalize prèske 1,100 verifikasyon pou konfòmite ant 21 jiyè ak 23 jiyè, ki dokimante vyolasyon nan 84 etablisman. Gwoup travay la gen nan tèt li Prezidan Otorite Alkòl Eta (State Liquor Authority, SLA) a, Vincent Bradley ak Lyetnan Kolonèl Lapolis Eta a, Dominick Chimento. Biznis yo jwenn ki an vyolasyon règleman COVID-19 la ap fè fas ak jiska 10,000 dola pa vyolasyon, pandan vyolasyon flagran yo kapab genyen kòm rezilta sispansyon imedya lisans alkòl yon ba oswa restoran. Semèn sa a, SLA a te sispann an rezime lisans dis etablisman nan Vil New York ak nan Long Island - gen ladan sis nan Bronx, Manhattan, ak Queens ke yo te anonse jodi a.

"Nou trè fyè pou sa Nouyòkè yo te fè pou aplati koub viris la, men nou dwe pwoteje pwogrè nou an paske pèsòn pa vle fè sa ankò", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Se pou sa nou ap siveye vyolasyon ba ak restoran yo ak ransanbleman devan etablisman sa yo, kòm nou kwè li konekte ak ogmantasyon to enfeksyon an avèk jèn moun yo. Nou te bay Otorite Alkòl Eta a ak Lapolis Eta a manda pou ede gouvènman lokal yo aplike lalwa yon fason plis agresif epi se egzakteman sa yo ap fè, avèk plizyè douzèn vyolasyon yo jwenn yèswa sèlman."

Pandan twa dènye jou yo, anketè [gwoup travay yo apèn anonse a](#) ki gen nan tèt li Lapolis Eta a ak SLA a te reyalize 1,080 verifikasyon konfòmite nan tout Eta a. Pandan tan sa a, anketè yo te dokimante 84 vyolasyon. Depi kòmansman ijans pandemi an, SLA a te mete 443 chèk akizasyon kont biznis ki gen lisans yo nan tout Eta a epi

enpoze 33 Lòd Ijans pou Sispanyon, imedyatman fèmen etablisman yo dekwa pou pwoteje sante ak sekirite piblik. Ou kapab jwenn yon lis biznis ki gen lisans yo akize yo, ak biznis yo te bay lòd sispanyon somè yo, [ISIT](#) la.

Dis etablisman yo ap fè fas ak lòd ijans pou sispanyon somè nan men Konsèy Otorite Alkòl Eta (State Liquor Authority Board) a semèn sa a gen ladan:

"Aqua" nan 2241 Washington Avenue nan Bronx, 24 jiyè 2020

Nan dat 22 jiyè a, Prezidan Bradley te reyalize yon verifikasyon konfòmite nan Aqua nan Bronx epi yo te jwenn 12 kliyan ki ap konsome alkòl nan espas la -- sa ke yo pa otorize aktyèlman nan Vil New York. Anplis de sa, yo te obsève ke pèsònèl kwizin lan ak sèvè yo te san kouvèti pou figi epi kliyan yo te ap fimen ilegalman ouka ni andedan ak devan espas la.

"Cipriani Downtown" nan 372-376 West Broadway nan Manhattan, nan dat 23 jiyè 2020

Aprè plizyè plent, Prezidan Bradley te reyalize yon verifikasyon konfòmite "Cipriani Downtown" nan Manhattan nan dat 21 jiyè a. Pandan verifikasyon an, li te obsève 17 kliyan ki te ap bwè epi ki te kanpe ozalantou tab yo san okenn chèz devan biznis lan, pifò ladan yo te gen kouvèti pou figi. Prezidan an te antre nan espas la epi li te obsève yon anplwaye deyè ba a san okenn kouvèti pou figi ak kat kliyan ki tap achte bwason alkololik nan ba a, an vyolasyon dirèk Dekrè Egzekitif (Executive Order, EO) Gouvènè a yo.

"Guaro's Tapas Bar Lounge" nan 86-01 Northern Boulevard nan Jackson Heights, nan dat 24 jiyè 2020

Nan aswè 18 jiyè a, anketè SLA yo te obsève plis pase 20 kliyan ki te rasanble devan Guaro's Tapas Bar Lounge in Jackson Heights, Queens san kouvèti pou figi oswa distans sosyal. Yon ti tan avan minwi -- byen ta apre kouvrefe a 11 PM Vil New York pou sèvis deyò a -- anketè SLA yo te retounen pou yo jwenn plis pase 25 kliyan nan yon atmosfè ki tankou yon diskotèk, avèk gwo mizik ak kliyan ki pat pote kouvèti pou figi oswa ki pat pratike distans sosyal. Restoran an te ap itilize tou yon non kòmès ki pa te apwouve. Anplis, NYPD a te rapòte ke yo te jwenn etablisman sa a an vyolasyon EO Gouvènè a nan dat 26 jen ak 30 jen an.

"Set L.E.S" nan 127 Ludlow Street nan Manhattan, nan dat 24 jiyè 2020

Nan dat 23 jiyè, Prezidan Bradley te reyalize yon verifikasyon konfòmite sou "Set L.E.S" nan Manhattan, li te jwenn uit kliyan ki te ap bwè dirèkteman devan restoran an ak 30 kliyan ki te rasanble toupre espas la, tout san kouvèti pou figi epi yo pa te pratike distans sosyal. Etablisman an te ap fè fonksyone an tout evidans yon ba deyò, ke moun sèvi tèt yo nan yon fenèt -- egaktman kalite sèvis restriksyon Dekrè Egzekitif yo ak SLA a pa pèmèt.

"Kandela" nan 150-03 Cross Bay Boulevard nan Queens, 23 jiyè 2020

Nan dat 16 jiyè a, anketè SLA yo pou reponn ak anpil plent sou "Kandela" nan Queens te reyalize yon verifikasyon konfòmite, yo te jwenn mizik byen fò dans dirèkteman

devan biznis lan. Nan enspeksyon swivi yo nan dat 17 jiyè ak 20 jiyè, anketè SLA yo te obsève yon DJ ki ap jwe mizik deyò a nan espas la, sa ki te kreye yon atmosfè tankou yon diskotèk kote kliyan yo te regwoupe, anplis yon ajan sekirite ak sèvi ki ap sèvi kliyan yo san kouvèti pou figi. Konpòtman yo te obsève a te konfòm ak plent yo te resevwa nan men vwazen yo. Yo te obsève etablisman an nan semèn pase a tap sèvi byen ta apre kouvrefe 11 PM Vil New York la pou sèvis deyò yo.

"La Pollera Colorada II" nan 82-13 Northern Boulevard nan Jackson Heights, nan 22 jiyè 2020

Mank konfòmite La Pollera Colorada II a te kòmanse 4 me a, lè ofisyè NYPD yo te jwenn kliyan ap bwè andedan restoran an ki te refize dispèse. Nan dat 17 jiyè a, SLA a te akize biznis ki gen lisans lan pou vyolasyon EO Gouvènè a baze sou referans NYPD a ki di ke kliyan entoksike yo te ap konsome alkòl dirèkteman devan etablisman an. Nan dat 26 jen an, anketè SLA yo te obsève sèvi yo san kouvèti pou figi, anplis kliyan ki te ap bwè ak trennen devan biznis lan, epi nan dat 18 jiyè -- apre plizyè chèf akizasyon ak plizyè avètisman -- yon anketè SLA a te obsève mank konfòmite kontini nan etablisman an, avèk plis pase 25 kliyan ki regwoupe san kouvèti pou figi ak san yo pa pratike distans sosyal.

"Brik Bar" nan 32-16 Steinway Street nan Astoria, nan dat 20 jiyè 2020

Brik Bar se youn nan koupab ki pi grav yo nan Steinway Street nan Astoria, Queens, kote gwo foul moun te rasanble pou bwè ak fè fèt. Yo te avèti ba a epi yo te ba li vyolasyon SLA yo dèske li te pèmèt foul moun rasanble ak bwè deyò nan plizyè okazyon nan mwa jen an. Yo te obsève yo ankò an vyolasyon fragra EO Gouvènè a wikenn pase a nan dat 16 epi ankò nan dat 18 jiyè a, sa ki finalman genyen kòm rezilta ke Biwo Cherif NYC a te bay etablisman an yon òdonans pou li kanpe ak sispann sou sèvis deyò, ki soti nan Depatman Transpò (Department of Transportation) Vil New York la.

"Maspeth Pizza House" nan 55-60 60th Street nan Maspeth nan dat 20 jiyè 2020

Yon lòt residivis, yo te bay Maspeth Pizza sitasyon epi yo te avèti li nan plizyè okazyon dèske li te sèvi alkòl bay kliyan kanpe ki te rasanble deyò etablisman li an. Nan dat 10 ak 19 jiyè, anketè SLA yo te obsève ke espas sa a kontinye sèvis ilegal li a, gen ladan apre kouvrefe 11 PM lan, avèk plizyè kliyan ki kanpe, ki ap danse ak bwè bwason alkololik an vyolasyon règleman distans sosyal yo. Anketè yo te temwen tou sèvi ki te san kouvèti pou figi ak kliyan ki te ap finmen ouka, an vyolasyon lisans etablisman an.

"M.I.A Made in Astoria" nan 27-35 21st Street nan Astoria nan dat 20 jiyè 2020

Nan lòt seksyon pwoblematik ankò nan Astoria, yo te jwenn M.I.A ap sèvi alkòl bay plizyè douzèn kliyan ki te kanpe, ap bwè, epi rasanble -- epi yo pa te ap manje -- byen ta apre 11 kouvrefe 11 PM NYC a pou manje deyò. Yo te bay M.I.A. sitasyon epi yo te avèti li oparavan pou premye vyolasyon Dekrè Egzekitif Gouvènè a.

"Secrets Gentleman's Club" nan 3A Saxwood Street nan Deer Park, nan dat 20 jiyè 2020

Nan dat 17 jiyè a, anketè yo avèk SLA a ak Depatman Lapolis Konte Suffolk te reyalize yon enspeksyon an sekre nan Secrets Gentleman's Club nan Deer Park. Patwouy la te obsève anplwaye yo ak kliyan yo andedan espas la san kouvèti pou figi, gen ladan dansè ki ap pèfòme pandan yo ap pataje men poto platfòm lan epi yo ap fè dans-kontak an vyolasyon EO Gouvènè a ak enstriksyon SLA yo. Lè pwopriyetè a te konfwonte ak anketè SLA a sou konpòtman pwoblematik la, li deklare ke sa te dwe kòmanse san li pa te konnen apre li te fin kite -- san li pa te konnen ke yo te gentan pran li sou anrejistreman videyo ap achte bwason pou ajan an sekre yo epi li ap vante tèt li dèske li chape anba vyolasyon Dekrè Egzekitif yo.

Nan dat 23 ijyè Gouvènè Cuomo te anonse kreyasyon gwoup travay ki gen plizyè ajans pou reprime vyolasyon règleman yo ki gen pou objektif sispann pwopagasyon COVID-19 nan restoran ak ba yo nan tout Eta a. Lapolis Eta New York ak Prezidan SLA a, Vincent Bradley, pral dirije efò a, nan itilize enfòmasyon an tan reyèl pou ranfòse efò aplikasyon yo nan deplwaye rapidman anketè yo ki pou reponn ak vyolasyon distans sosyal yo lè yo rive. Fòs Entèvansyon an gen ladan anketè ki soti nan Depatman Sante (Department of Health), Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS), Depatman Veyikil Motorize (Department of Motor Vehicles), Depatman Fiskalite ak Finans (Department of Taxation and Finance), Fon Asirans Eta New York (New York State Insurance Fund) ak Depatman Agrikilti ak Mache yo (Department of Agriculture and Markets).

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)